

Lèt lanmou Papa-a

Pitit Mwen...

Mwen sonde'w, mwen konnen ki moun ou ye
Som 139:1

Mwen konnen lè'w chita ak lè'w kanpe
Som 139:2

Mwen wè'w , et mwen konnen lè w kouche,
ni lè wap mache
Som 139:3

Ata grenn cheve nan tèt ou yo, mwen konte
Matye 10:29-31

Mwen kreye ou nan potre pam
Jenez 1:27

Se nan mwen ou gen lavi
Travay 17:28

Mwen te konnen'w anvan menm mwen te ba ou lavi
nan vant manman 'w
Jeremi 1:5

Ou se moun mwen te chwazi
depi davans dapre plan mwen
Efezyen 1:11-12

Ou pat yon erè
Som 139:15

Tout sa ou ta pral fè te deja ekri nan liv mwen,
Som 139:16

Mwen te fikse davans tan, ak limit kote pou ou rete
Travay 17:26

Tout sa mwen fè se bèl bagay
Som 139:14

Se mwen ki te fome'w nan vant manman'w
Som 139:13

Mwen pa gen sans nan je sa ki pa tekonèt mwen yo
Jan 8:41-44

Mwen pat jam rale kom, ni fache ,
paske'm se vwè examp lanmou-an
1 Jan 4:16

Se lanmou pa'm ke map ban nou
1 Jan 3:1

Paske nou se pitit mwen et se mwen menm ki papa nou
1 Jan 3:1

Map ban nou pi bon bagay ke papa
nou ki sou tè sa pa janm ban nou deja
Matye 7:11

Mwen se pi bon papa ki genyen
Matye 5:48

Tout bon konprann soti nan mwen
Jak 3:17

Mwen konnen tout bezwen ou yo
Matye 6:31-33

Se mwen sèl ki konnen sam gen
nan tèt mwen pou ou
Jeremi 29:11

Mwen pap janm sispann renmen'w
Jeremi31:3

Plan pa'm pou ou pi plis pase grenn sab ki bo lanmè
Som 139:17-18

Mwen rejwi lè wap celebre non'm
Sofoni 3:17-18

Mwen pap janm sispann fè sa ki byen
Jeremi 32:40

Nou se pèp ke'm te chwazi-a
Egzod 19:5

Map travay ak tout kè ak tout nanm mwen
Jeremi 33:3

Map fè'w konnen yon bann grow bagay
Jeremi 33:3

Si'w chache'm ak tout kè w wap jwen mwen
Detewonom 4:29

Pran plezi'w nan mwen e map ba ou tout sa ou renmen
Som 37:4

Se mwen ki ba ou anvi
Filipyen 2:13

M'kapab fè pi plis pase tout sa ou ka mande
Efezyen 3:20

Map ba ou espwa
2 Tesalonisyen 2:16

Map ankouraje ou nan tout lapenn
2 Korent 1: 3-4

Map deliver tout moun ki pèdi espwa
Som 34:18

Tankou you gado map okipe mouton'm yo
Ezayi 40:11

Map cheche tout dlo nan je'w
Revelasyon 21:4

Map refase tout doulè ou te sibi sou tè sa
Revelasyon 21:4

Mwen renmen'w menm jan mwen
renmen pitit mwen an Jezi
Jan 17:23

Nan Jezi mwen montre lanmou'm pou ou
Jan 17:26

Se bon potre pam li ye
Ebre 1:3

Li te vini pou montre ke mwen pou nou,
pa kont nou
Women 8:31

E li te fè ou konnen ke'm te vle byen avè'w anko
2 Korent 5:18

Jezi te mouri pou mwen menm avèk
ou ka vin zanmi anko
2 Korent 5:18-19

Mwen te voye pitit mwen mouri pou'm
te ka demontre lanmou'm pou ou
1 Jan 4:10

Mwen te renonse pwop Pitit mwen
pou'm te ka jwen lanmou pa'w
Women 8:32

Moun ki rekonèt pitit mwen an,
se mwen menm li rekonèt
1 Jan 2:23

Anyen pa ka retire lanmou'm pou ou
Women 8:38-39

Gen anpil kontantman nan syèl la lè yon moun ki tap fe
sa ki mal tounen vin jwen mwen
Lik 15:7

Mwen te toujou papa'w e map toujou papa'w
Efezyen 3:14-15

Kesyon pam se...

Eske ou vle vin pitit mwen ?
Jan 1:12-13

M'ap tann ou
Lik 15:11-32

**Papa'w ki renmen'w nan.
Bondye ki tou pyisan-an**